

# ID kliyan an \_\_\_\_\_

Dat administrasyon: \_\_\_\_\_

# STRÈS, TWOMATIS AK EKSPERYANS NAN ANFANS KI ADVÈS

## KLIYAN AN ADMINISTRE L POUKONT LI

### Depistaj twomatis timoun ak adolesan (Child and Adolescent Trauma Screen, CATS) – Rapò sou jèn (Laj 7 a 17 an) [OCHWA]

Evènman stresan oswa efreyan rive anpil moun. Anba a w ap jwenn yon lis kèk evènman stresan ak efreyan ki konn rive pafwa. Make WI si sa te rive w. Make Non si sa pa t rive w.

Evènman	Non	Wi
1. Katastwòf natirèl ki grav tankou yon inondasyon, tònad, siklòn, tranblemanntè oswa dife.		
2. Aksidan oswa blezi grav tankou aksidan machin/bisiklèt, chen mòde w oswa blezi pandan w ap jwe spò.		
3. Anndan fanmi an yo menase w, frape w oswa gravman blese w.		
4. Nan lekòl la oswa nan kominote a yo menase w, frape w oswa gravman blese w.		
5. Yo atake w, pwayade w, tire sou ou oswa yo menase w pou vòlè sa k sou ou.		
6. Wè yon moun nan fanmi an yo menase, frape oswa gravman blese.		
7. Wè yon moun nan lekòl la oswa kominite a yo menase, frape oswa gravman blese.		
8. Yon moun ap fè bagay seksyèl avè w oswa ap fè w fè bagay seksyèl pou yo lè w pa t ka di non. Oswa lè yo te fòse w oswa fè presyon sou ou.		
9. Sou entènèt oswa nan medya sosyal, yon moun ap mande w oswa ap fè presyon sou ou pou fè yon bagay seksyèl. Tankou pou pran oswa voye foto.		
10. Yon moun k ap ba w brimad an pèsòn. K ap di w bagay mechan ki fè w pè.		
11. Yon moun k ap ba w brimad sou entènèt. K ap di w bagay mechan ki fè w pè.		
12. Yon moun ki pwòch ou ki mouri sibit oswa yon fason ki vyolan.		
13. Pwosedi medikal ki stresan oswa ki efreyan.		
14. Ou nan zòn kote gen lagè.		
15. Lòt evènman stresan oswa efreyan?		
Dekri: _____		

*Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.*

**Make 0, 1, 2 oswa 3 pou kantite fwa bagay ki pral site la yo te deranje w nan de semèn ki sot pase yo:**

Nan de semèn ki sot pase yo, konbyen fwa bagay sa yo te deranje w:	Jamè	Yon lè konsa	Mwatye tan	Prèske toutan
1. Panse oswa foto twoublan konsènan sa k te rive ki pase nan tèt ou.	0	1	2	3
2. Move rèv ki fè w sonje sa k te rive a.	0	1	2	3
3. Santiman kòm si sa k te rive a ap retounen rive ankò.	0	1	2	3
4. Ou santi w boulyèsè lè yo fè w sonje sa k te rive a.	0	1	2	3
5. Santiman fò nan kò w lè yo fè w sonje sa k te rive a (syè, kè w ap bat fò, vant ou fè w mal).	0	1	2	3
6. W ap eseye pou pa panse oswa pale sou sa k te rive a. Oswa pou pa gen santiman sou sa.	0	1	2	3
7. Rete lwen moun, kèk kote, bagay oswa sitiyasyon ki fè w sonje sa k te rive a.	0	1	2	3
8. Ou pa kapab sonje yon pati nan sa k te rive a.	0	1	2	3
9. Panse negatif sou tèt ou oswa lòt moun. Panse tankou mwen pap gen yon bon vi, mwen paka fè pèsòn konfyans, lemondantye danjre.	0	1	2	3
10. Blame tèt ou pou sa k te rive a, oswa blame yon lòt moun lè se pa t fòt moun sa a.	0	1	2	3
11. Move santiman (ou pè, fache, koupab, wont) anpil fwa.	0	1	2	3
12. Ou pa vle fè kèk bagay ou te konn abitye fè.	0	1	2	3
13. Ou pa santi w pwòch lòt moun.	0	1	2	3
14. Ou paka gen bon santiman oswa santiman ki ba w kè kontan.	0	1	2	3
15. Ou santi w fache. Ou fè kout kòlè epi ou pase kòlè a sou lòt moun.	0	1	2	3
16. Fè bagay ki danjre.	0	1	2	3
17. Ou twò pridan oswa ou sou pinga w (w ap tyeke pou wè kiyès ki bò kote w).	0	1	2	3
18. Ou ajite.	0	1	2	3
19. Pwoblèm pou prete atansyon.	0	1	2	3
20. Pwoblèm pou dòmi pran w oswa pou ret dòmi.	0	1	2	3

*Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.*

**Tanpri make “WI” oswa “NON” si pwoblèm ou te make yo entèfere avèk:**

Èske pwoblèm yo te dekri nan kesyon ki vin anvan yo entèfere avèk aspè sa yo nan lavi w?	Wi	Non
1. Antann ou ak lòt moun	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
2. Pastan/amizman	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
3. Lekòl oswa travay	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
4. Relasyon famiyal	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
5. Kontantman jeneral	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

*Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.*